**Pou Piblikasyon Imedya:** 07/04/2025 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

# DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU AKSYON LAKOU SIPRÈM ETAZINI AN NAN ZAFÈ ANTONYUK V. JAMES KI KENBE AN VIGÈ LEJISLASYON SOU SEKIRITE ZAM AFE NOUYÒK LA KI ALATÈT NAN NASYON AN

"Lwa sou sekirite zam afe solid Nouyòk yo sove lavi, epi vyolans ak zam te bese a 53 pousan depi nan moman pik epòk pandemi an. An 2022, apre Tribinal Siprèm lan te deside ranvèse lwa sou pèmi pou pò zam kache Nouyòk la ki gen syèk, mwen te goumen pou m adopte nouvo lejislasyon pou pwoteje lari ak metwo nou yo kont vyolans ak zam — epi nou te fè li. Jodi a, Tribinal Siprèm lan te rejte ofisyèlman yon tantativ pou bloke lejislasyon enpòtan sa a, pou asire prensip fondamantal lwa mwen te siyen an 2022 a ap rete an vigè. Sekirite piblik ap toujou pi gwo priyorite mwen, epi mwen pral kontinye goumen pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU